दिन– सोमवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–16.06.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार स्वतंत्र भारतक आठम जनगणना कराएल जएबाक लेल गजट अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि। गृह मंत्रालय सँ जारी अधिसूचनाक अनुसारेँ जनगणना दू चरण मे कराएल जाएत। जनगणनाक पहिल चरण एक अक्टूबर दू हजार छब्बीस सँ शुरू होयत। एकर तहत केन्द्रशासित प्रदेश लद्दाख, जम्मू–कश्मीरक बर्फीला इलाक सभ आ हिमाचल प्रदेश आओर उत्तराखंड मे जनगणना कराओल जाएत। देशक अन्य भाग सभ मे जनगणनाक दोसर चरण पहिल मार्च दू हजार सत्ताईस सँ शुरू होयत। अधिसूचनाक अनुसारेँ पहिल बेर जनगणना मे जातिक गणना कँ सेहो शामिल कएल गेल अछि। गौरतलब अछि जे हालहि मे केन्द्रीय कैबिनट जाति आधारित गणना कँ मंजूरी देने छल।

---

गृहमंत्री अमित शाह कहलनि  अछि जे एनडीएमए आओर एनडीआरएफ जेहेन आपदा प्रतिक्रिया बल सभ अपन उपलब्धि सभसँ भारत कँ आपदा प्रबंधनक क्षेत्र मे वैश्विक लीडर बनबाक समीप आनि देने अछि। श्री शाह दिल्ली मे राज्यक राहत आयुक्त सभक आओर आपदा प्रतिक्रिया बलक सम्मेलन कँ संबोधित करैत कहलनि जे हमर आपदा मोचन बल जलवायु परिवर्तन आओर ग्लोबल वार्मिंगक कारणे उत्पन्न आपदा सभसँ निपटबाक पुख्ता तैयारी कऽ लेने अछि। ओ कहलनि जे आपदाक समय त्वरित कार्रवाई कऽकऽ हमर बल सभ कतेको लोक सभक जान बचौलक अछि आओर प्रभावित लोक सभ कँ राहत पहुँचेलक अछि।

---

केन्द्रीय पोत परिवहन आ जलमार्ग मंत्री सर्वानंद सोनोवाल कहलनि अछि जे बिहार कँ आंतरिक जलवाह केन्द्रक रूप मे विकसित कएल जाएत। पटना मे गंगा नदी मे जल परिवहन आओर वाटरमेट्रोक विकास कँ लऽकऽ आयोजित एकटा कार्यशाला कँ संबोधित करैत श्री सोनोवाल कहलनि जे छओ हजार करोड़ टाका सँ बेसीक राशि सँ राष्ट्रीय जलमार्ग सभक विकासक लेल महत्वपूर्ण कार्य कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे राज्य मे गंगा नदी सँ जुड़ल विभिन्न परियोजना सभ कँ शीघ्र पूरा कऽ वाराणसी सँ हल्दिया धरि जल परिवहन

मार्गक उन्नयन कएल जाएत। एहि सँ व्यपारी सभ कँ लाभ होयत आओर रोजगारक अवसरि सेहो बढ़त।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ मीठापुर– महुली एलीवेटेड सड़कक उद्‌घाटन कयलनि। एहि सड़कक निर्माण पर एगारह सय पांच करोड़ टाकाक लागति आएल अछि। एहि सड़क कँ चालू भऽ गेला सँ दक्षिण बिहारक विभिन्न हिस्सा सभ मे आवाजाही आसान भऽ गेल अछि। एकर संगहि सीपारा सँ लऽकऽ पुनपुन धरि बसल आबादी कँ जामक समस्या सँ राहत भेटि गेल अछि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा आ पथ निर्माण मंत्री नितिन नवीनक संग–संग स्थानीय सांसद मीसा भारती आओर रविशंकर प्रसाद सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————————————

विधानसभा चुनाव कँ लऽकऽ विभिन्न राजनीतिक दल सभ आओर गठबंधन सभक बीच बातचीत आओर बैसार सभक दौर जारी अछि। कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश कुमार राम आओर पार्टीक विधायक दलक नेता सकील अहमद खान आइ राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादवक संग हुनक सरकारी आवास पर भेंट कएलनि। सुत्र सँ प्राप्त जानकारीक अनुसार एहि दरमियान महागठबंधनक दल सभक बीच सीट बँटवारा, मुख्यमंत्रीक चेहरा आओर साझा चुनावी रणनीति कँ लऽकऽ चर्चा भेल अछि। ई सेहो तय भेल अछि जे महागठबंधनक पांचम बैसार पांच जूलाई कँ आयोजित कएल जाएत। गौरतलब अछि जे हालहि मे महागठबंधनक पटना मे भेल चारिम बैसारक दरमियान घटक दल सभक बीच विभिन्न मुद्दा सभ पर चर्चा भेल छल।

———————————————————————

राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद द्वारा बाबा साहब भीमराव आंबेडकरक तस्वीरक कथित अपमान मामिलाक एनडीए नेता लोकनि कड़ा निंदा कएलनि अछि। केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान पटना मे संवाददाता सभ सँ बातचीत करैत कहलनि जे एहि अभद्र व्यवहारक लेल बिहारक जनता लालू प्रसाद कँ कहियो माफ नहि करत। एम्हर, केन्द्रीय कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह एहि मामिला मे लालू यादव सँ सार्वजनिक माफी कऽ मांग कएलनि अछि। श्री सिंह पटना मे कहलनि जे लालू प्रसाद, बाबा साहेबक अपमान नहि कएलनि अछि बल्कि संविधान कँ अपमानित कएलनि अछि।

———————————————————————

राज्य विभिन्न भाग सभ मे प्री–मॉनसूनी गतिविधि सभ तेज भऽ गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जानकारीक अनुसारें सीतामढ़ी, मधुबनी, दरभंगा, सुपौल, अररिया समेत राज्यक उत्तर–मध्य आओर उत्तर–पूर्व भाग सभ मे कतेको स्थान सभ पर हल्का बरखा दर्ज कएल गेल अछि। एम्हर, राजधानी पटना आओर आस–पासक इलाका सभ मे सेहो हल्का बूंदाबूंदी भेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिनक दरमियान राज्यक अधिकांश भाग सभ मे प्र–मॉनसूनी बरखा शुरू हेबाक संभावना अछि। एहि दरमियान पश्चिमी चंपारण, पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, गोपालगंज, सीवान, समस्तीपुर, वैशाली समेत विभिन्न जिला सभ मे भारी बरखाक आशंका कँ लऽकऽ विभाग ऑरेंज अलर्ट जारी कएलक अछि।

———————————————————————

अररिया जिलाक विभिन्न थाना क्षेत्र सभ मे अभियान चला कऽ पुलिस विभिन्न मामिला सभ मे वांछित सैंतीस अपराधी सभ कँ गिरफ्तार कएलक अछि।

———————————————————————

समाप्त